



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pare pou antre nan diskisyon avèk Gouvènman Ongwa a pou kontinye relasyon ant Eta New York la ak Gouvènman Ongri a ki pèmèt Inivèsite Ewòp Santral la (Central European University, CEU) fonksyone nan Budapest.

Dènyèman Gouvènman Ongri a te adopte yon lejislasyon ki t ap fòse CEU fèmen. Lejislasyon an kontredi dirèkteman Deklarasyon Konjwen 2004 avèk Eta New York la, ki te apiye bi CEU a pou l jwenn akreditasyon nan men Ongri pandan l ap kenbe estati li kòm enstitisyon ameriken akredite.

Gouvènman Ongri a deklare piblikman li kapab diskite sou lavni CEU nan Ongri avèk otorite ameriken ki konsène yo sèlman, ki nan ka sa a se Eta New York. Gouvènè a kontan opòtinite rezoud zafè sa a ak kòmanse diskisyon avèk gouvènman ongwa a san pèdi tan.

“Inivèsite Ewòp Santral la nan Budapest se yon senbòl koperasyon ant Ameriken ak Ongwa epi li se yon inivèsite etid siperyè klas mondyal ki resevwa finansman nan men Eta New York. Pandan plis pase 25 lane, enstitisyon sa a pote yon valè konsiderab pou Ongri ak kò etidyan divès li a ki reprezante plis pase 100 peyi.

Yon akò pou kenbe CEU nan Budapest kòm yon enstitisyon gratis se yon bagay ki nan enterè tout moun, e mwen pare pou m antre nan diskisyon avèk Gouvènman Ongwa a pou kontinye relasyon ant Eta New York la ak Gouvènman Ongri a ak garanti enstitisyon an rete yon resous presye pou etidyan toupatou nan lemonn.”

###